

Rekòmandasyon:

1. Si ou enstale you nouvo sistèm kèlkonk nan machin ou, make mak la, modèl la, nimero seri ya, koulè ya, ak pri ya. Kenbe detay sa yo pami papyè enpòtan.
2. Sere resi-w.
3. Grave enfòmasyon sou afè-w. Li rekòmandab pou-w itilize nimero lisans ou de sòt ke si yo jwen-n afè-w la yo ka potel ba ou.
4. Enstale you aparey pou prevni vòl sou machin ou.
5. Pa fè piblisite ak mak akseswa bagay sou machin ou.
6. Dekonekte kouran ak sa ki necesè pou fè bagay mache.
7. Itilize lòk pou jant espesyal.
8. Retire tout bagay ou sèvi pou travay ou pou distraksyon (laptop, konpyoutè, zouti, etc.).

Sa Pou Ou Fè Si-w Jwenn Machin Ou Kase

1. Pa manyen anyen e pa rantre nan machin lan.
2. Rele Biro Sheriff la imedyatman nan (561) 688-3400.
3. Si sispèk la la toujou, piga-w an afè avèk li o lye ou rapòte.
4. Lè wap rapòte, eseye bay ofisye kominikasyon pi plis enfòmasyon ke ou kapab. Ya gen pou poze-w kèk kesyon.



Misyon Depatman pou prevansyon krim nan biwo cherif konte Palm Beach la se pou diminye krim nan kominote komèsyal epi rezidansyèl nan travay tèt ansanm nan panetarya epi nan diferan estrateji, teknik ak pwogram dinamik.

IJANS 911

Nimewo telefòn pou sitiyasyon ki pa ijan:

Zòn sid nan konte a (561) 995-2800
Zòn nò nan konte a (561) 688-3000
Zòn wès nan konte a (561) 996-1670

Si w bezwen enfòmasyon siplèmantè se pou w pran kontak avèk Palm Beach County Sheriff's Office Crime Prevention Unit
1937 N Military Trail, Suite-Q
West Palm Beach, Florida 33409
(561) 688-3970

Imel : CrimePrevention@pbso.org




Zafè Vòlè Machin Ak Prekosyon Pou Yo Evite Li



Chak jou, chak nwit, gen yon moun ki viktim machin yo vòlè ou machin yo kase.

Enfòmasyon sila yo va ba ou ki prekosyon pou ou pran pou machin ou ka an sekirite.

Palm Beach County Sheriff's Office
Ric L. Bradshaw, Sheriff



Li enpòtan pou ou prepare-w pou yo pa vòlè machin ou menm jan ou pran tout lòt prekosyon. Men trò souvan konpòtman moun sou zafè vòlè machin sòti nan movèz fason yo konprann bagay yo e konsekans yo Mennen depans pou victim lan ki pat prepare.

Enfòmasyon sila, la pou prepare proprietè machin devan vòlè machin lè sa rive.

You machin ki pa lòk e ki gen kle ya nan switch li ap atire nenpòt ki vòlè kèl keswa aparèy ou ta enstale la dan pou anpeche vòlè. Prekosyon se mwayen pi senp e pi ekonomik pou kontrole vòlè sa yo.

- Lòk machin ou. Mwatye nan machin yo kase ou vòlè pat lòk
- Ale avèk kle-w. Prèske 20% nan machin yo vòlè te gen kle la dan yo
- Pake kote ki gen limyè, se lan nwit yo vòlè ou kase machin
- Kan ou kapab, pake kote ki gen moun. Lè moun ap kase ou vòlè machin, yo pa renmen pou moun ap gade yo
- Pa kite machin ou san moun ni ak motè ap mache
- Monte tout vit
- Pa kite bagay de valè sou je moun
- Pa sere trouso kle nan machin lan
- Yo konn ki bò pou yo chèche
- Kan wap pake bò lari, vire rou yo sou kanivo
- Toujou rale fren brek ou lè ou pake
- Si ou gen yon garaj, sèvi avèk li kan ou kapab. E lè ou sèvi ak li, lòk ni machin lan, ni garaj la

Aparèy Pou Anpeche Vòlè

1. **Audible Alarm** - Majorite alam sa yo fabrike sensò e nan mouvman ou nan manyen yo ka dechankle you alam 120 desibèl ke yo ka tande a 300 pye.
2. **Steering Wheel Locks** - Lòk nan volan ak lòk nan pedal se solisyon ki pi bon mache – Yo tou de bay rezilta pou prevni vòlè machin.
3. **Passive Immobilizer** – Sistèm sa-a pa varye sou chak machin. Imobilizatè ya sèvi ak you kle ki gen you konpyoutè e konpyoutè ya kominike ak motè machin lan. Sèl mwayen pou yo vòlè li se ta remòke.
4. **Silent Pager** – Sistèm sa-a avèti mèt machin lan lè yap chanje bagay la dan de fason pou yo ka pran mezi ki necesè
5. **Window Etching** – Lè ou enskri nimero idantifikasyon machin ou sou fenèt yo, li difisil pou vòlè revann li.
6. **Lojack** – Sistèm sa-a redwi kantite vòlè machin paske li sèvi ak satelit kap swiv machin yo.

Bagay Yo Renmen Vòlè Nan Machin

- Valiz, Pòtfey
- Lajan
- Cd ak bwat cd
- Kle Bijou
- Selilè
- Rimout pou pòt garaj

Ki Jan Vòlè Nan Machin Ka Debouche Sou Vòlè Nan Kay

1. Lè ou kite atik sa yo nan machin ou, kriminel ka sèvi avèk yo pou fè vòlè lakay ou.
2. Anrejistremant machin- Pa kite anrejistremant nan machin ou, si sa dwe fèt, fè you kopi e bife adrès ou. Kenbe orijinal la avèk ou.
3. Anvlòp – Pa kite anvlòp wap ecspedie ou ke ou resevwa nan machin ou. Yo gen non ak adrès ou.
4. Rimout pou pòt garaj – Eseye evite kite sa-a nan machin ou tan ke ou kapab.
5. Kle – Pa jan-m kite ni kache kle nan machin ou.

Prevansyon Pou Vòlè Afè Pèsonèl, Akseswa, Ak Pyès

Lè you voye you polis al regle ou zafè machin yo kase, gen you seri detay necesè pou rapò wa. Men sa ki necesè pou sa ki pèdi ya ka antre nan sistèm teletip la ki emèt nan tout peyi ya. Kan ou bay detay sa yo, sa ede biro Sheriff la nan chèche afè-w pou ou e pou yo arete koupab la.

- Mak la tèl ke Sony, Pioneer, Dell, etc.
- Modèl ou byen nimero modèl la.
- Serial number (Nimero seri ya)
- Koulè
- Sa li koute

